

Siksè nan Mendèv Ameriken an

Ki kote w kapab jwenn djòb?

Sant Sèvis pou Nasyonalite (Nationalities Service Center) gen yon Ekip ki espesyalize nan chèche Travay ki kapab ede ou jwenn travay ki enteresan Ozetazini. Ekip eksperimante yo a pral travay avèk ou pou li amelyore konpetans ou nan zafè chèche djòb, ki gen ladan fason pou fè entèvyou ak ekri seve. Bibliyotèk Lib Vil Philadelphia a (Free Library of Philadelphia) bay èd fasafas nan Espas Travay , Depatman Lang ak Depatman Aprantisaj li a. Chak bibliyotèk katye gen ladan tou aksè gratis nan òdinatè piblik pou ranpli aplikasyon pou travay sou Entènèt, enprime dokiman yo pou preparasyon egzamen, ak ekip ki kapab ede satisfè bezwen jeneral moun k ap chèche djòb. Rezo w genyen nan fanmi w, zanmi w yo, moske ak legliz kapab ede w tou tabli lyen ki ka fè w travay. Ajans rekritman tanporè yo kapab fè w jwenn debouche akoutèm yo. Jounal yo ak kèk sitwèb tankou www.indeed.com ak www.monster.com se resous itil kote w kapab jwenn dènye pòs ki disponib yo.

Kisa pou w fè nan yon entèvyou pou travay?

Ou ta dwe abiye tankou yon pwofesyonèl epi tabli kontak je. Pa bliye souri ak pote seve ou. Ou ta dwe evite itilize telefòn selilè epi pa pote bagay ki pa gen rapò ak entèvyou a.

Ki kèk premye djòb moun souvan jwenn?

Pòs anbalaj manje, menaj, detayan ak nan restoran se kèk nan premye djòb imigran ak refijye ki fenk vini yo souvan jwenn. Nenpòt premye djòb ta dwe san danje, epi yo ta dwe peye ou alè pou travay ou fè a.

Kisa w ta dwe atann nan premye djòb ou a?

Salè minimòm nan Vil Philadelphia se \$7.25/èdtan. Li pa ra pou w pran 1 oswa plizyè èdtan pou w ale travay sou chak chimen. Ou ka oblije pran plizyè fòm transpò tou pou w ale travay tankou tren, bis, metwo oswa apye. Anviwònman travay ou an ka cho oswa frèt. Si travay ou a mande pou w itilize men w, ou ka oblije leve bagay ki lou, koube, epi kanpe pandan tout woulman travay yo.

Kijan pou yo peye m?

Yo peye souvan chak semèn oswa chak de (2) semèn. Yo konsidere tan plen an se 30 rive 40 èdtan pa semèn. Yo pran taks federal ak taks Eta nan peman anplwaye a. Si w travay plis pase 40 èdtan nan yon semèn, patwon w lan dwe peye w omwen 1 fwa edmi to salè nòmal ou pou èdtan w travay yo pandan plis pase 40 èdtan.

Kisa èdtan travay yo ye?

Èdtan woulman w yo ka diferan soti yon jou rive yon lòt. Pa egzanp, ou ka oblije travay soti 7 AM rive 3 PM jou lendi yo, epi soti 3 PM rive 11 PM jou madi yo.

Kijan pou w kenbe travay ou?

Ou ta dwe toujou rive alè epi mete inifòm travay ou sou ou byen pwòp epi byen pase. Ou ta dwe rete pwòp, suiv règ nan espas travay yo epi kominike avèk sipèvizè ou.

Sant Akèy pou Nouvo Moun Pennsylvania
215-557-2626
info@welcomingcenter.com
www.welcomingcenter.org

Sant Sèvis pou Nasyonalite
215-893-8400
help@nscphila.org
www.nscphila.org

Bibliyotèk Lib Vil Philadelphia
215 -686-5322
workplace@freelibrary.org
www.freelibrary.org